



## BUPATI WONOSOBO

---

# PAMEDHARSABDA BUPATI WONOSOBO ING ADICARA PISOWANAN AGUNG PENGETAN AMBAL WARSA WONOSOBO KAPING-199

RABU PAHING, 24 JULI 2024

Assalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarakatuh,  
Nugroho Sih Wilasaning Gusti Ingkang Moho Mirah,  
mugi tansah tumedhak, tumanduk dhumateng  
panjenengan sedoyo lan kulo waradin sagung dumadi,  
lestari raharjo.

- Ingkang kinurmatan Wakil Bupati adalah Ibu;
- Ingkang kinurmatan Bupati Temanggung, Bupati Batang, Bupati Kendal, Bupati Banjarnegara, Bupati Kebumen, Bupati Purworejo, Bupati Magelang;
- Ingkang kinurmatan Bupati adalah Wakil Bupati Wonosobo Periode 2005-2015, **Drs. H. Abdul Kholid Arif, M.Si.** adalah **Drs. H. Muntohar** miwah **Dra. Hj. Maya Rosida, M.M.;**
- Ingkang kinurmatan Bupati adalah Wakil Bupati Wonosobo Periode 2016-2021, **Bopo Eko Purnomo, S.E., M.M.** adalah **Ir. H. Agus Subagiyo, M.Si.;**

- Ingkang sinanding karahayon Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo sarimbit garwo;
- Sekretaris Daerah, poro Staf Ahli, Asisten Sekda, lan Pimpinan Organisasi Perangkat Daerah sarimbit garwo;
- Ingkang winantu suko yuwono basuki poro Ketua Komisi sarto Anggota Komisi DPRD Kabupaten Wonosobo sarimbit garwo;
- Ugi ingkang kinurmatan mitraning Pemerintah Kabupaten Wonosobo:
  - Peneliti Senior Litbang Kompas, **Christian M. Marpaung**;
  - Deputi Keamanan Siber dan Sandi Perekonomian BSSN, **Drs. Slamet Aji Pamungkas, M.Eng.**;
  - Direktur Utama Perum Perumnas, **Ir. Budi Saddewa Soediro, M.M.**;
  - Direktur Friedrich Naumann Foundation Indonesia, **Dr. Stefan Diederich**;
  - Program Officer Friedrich Naumann Foundation Indonesia, **Ibu Nur Rachmi**;
- Camat sa-Kabupaten Wonosobo sarimbit garwo soho Forkopimca, miwah Pimpinan BUMN/BUMD, Perusda lan Perbankan ing Wonosobo, ingkang mahambeg bowo laksono;
- Sesepuh pinisepuh ingkang musthi dhateng jatmikaning dhiri ingkang satuhu kinabekten;

- Poro Pametri Budoyo ingkang kaimpun ing Ponco Pamengku Budoyo, soho Poro Tokoh Masyarakat, Poro kadang Juru Warto, Tamu Sedhahan, sarto Pasarto Pisowan Agung ingkang bagyo lan mulyo.

Kalangkung rumiyin, monggo sesarengan panjenengan sedoyo kulo derekaken manungkul ing panembah kanthi tansah handedepe ing ngarso Dzat Ingkang Moho Welas Asih, nun inggih Allah SWT, awit paringipun kanugrahan awujud rahmat lan hidayah, satemah panjenengan sedoyo lan kulo saget kempal manunggal ing baciro projo, kanthi manggih bagaskwarasan tuwin kawilujengan.

Murwakani atur, kulo ngaturaken pambagyo kawilujengan soho sugeng rawuh, dhumateng sedoyo pasarto Pisowan Agung Ambal Warso kaping satus sangang doso songo Kabupaten Wonosobo, lan matur nuwun rawuhipun miwah panyengkuyungipun.

### **Bapak /Ibu ingkang kalinggo karaharjan,**

Kabupaten Wonosobo salangkah nyaketi kalih abad, tartamtu sampun kathah ninggalaken tapak tilas sujarah, minongko kocobenggolo ing momentum meniko kinaryo mawas dhiri utawi kontemplasi ingkang sampun kalampah, menopo dene ingkang badhe kagayuh sesarengan murih raharjaning projo.

Kanthy meniko, Pengetan Ambal Warso kaping satus sangang doso songo saget kapundhut intisarinipun, minongko refleksi kasiling kiprah wewanganan, ngevaluasi ingkang sampun kalampah, damel coro strategi murih sedoyo kiprah gumreguting wangunan ing tembe saget langkung sae lan trep, satemah saget mawujud masyarakat Wonosobo ingkang adil lan makmur.

Jumbuh kalayan meniko, tartamtu momentun Ambal Warso minongko wujuding sumbang sih wargo masyarakat, satemah roso gumbiro miwah gebyaring pengetan Ambal Warso saget karaosaken dening sedoyo elemen masyarakat Wonosobo, pramilo rerangken Ambal Warso ugi kinaryo wujud raos syukur jajaran Pamarentah Daerah anggen leladi dhumateng sagung wargo saget katampi lan murakabi, ingkang salajengipun saget minongko doyo kekuatan jajaran Pamarentah Daerah ngundakaken anggen ngrampungaken gawe kanthy temen, sembodo, lan nastiti, murih saget rumongso handarbeni dhumateng Kabupaten Wonosobo, kuwowo ngrangkul lan ngajak-ajak kiprahing wargo masyarakat kangge suksesipun pembangunan daerah.

Menopo malih ngeneti tema Ambal Warso kaping satus sangang doso songo Kabupaten Wonosobo, "**Guyub Rukun Mustikaning Laku**", ingkang ngelingaken dhumateng kulo lan panjenengan sedoyo wigatinipun mad sinamadan lan tembayatan, kanthi nengenaken keguyuban antawis wargo masyarakat lan jajaran Pamarentah Daerah, kinaryo landhesan utomo saben lumampah lan tumindak kangge majuning daerah. Kanthi meniko kasuwun sedoyo elemen masyarakat siaga ing karyo kekiprah ing sajroning pembangunan, lumantar sumbangsih arupi eguh pratikel, tenogo lan wekdal, menopo dene tumandang langsung kangge suksesipun program pamarintah, mboten sanes namung mujudaken raharjaning wargo masyarakat kanthi waradin.

### **Pasarto ingkang kinurmatan,**

Lumantar momentum ingkang sae meniko, kasuwun wargo masyarakat saget saestu kekiprah ing samudoyo aspek pembangunan daerah, kangge mawujudaken Wonosobo ingkang berdaya saing, maju, lan raharjo.

**Sepisan**, wonten ing pambudidoyo ngentasaken kemiskinan lan nanggulangi stunting. Kalih-kalihipun minongko masalah wiwitan ingkang wonten gandheng cenengipun, awit kemiskinan hanimbulken winatesing akses pikantuk bogo ingkang bergizi, toyo resik, layanan kesehatan ingkang sae, miwah sanitasi ingkang trep, kang tundone ngasilaken resiko tinggi stunting kangge lare.

Awit saking meniko, cawe-cawe lan gotong royong sedoyo elemen ingkang kawogan saestu prelu dipun undakaken, kangge mastekake raharjaning wargo masyarakat Wonosobo saget karaosaken kanthi waradin, lumantar sumber doyo manungso ingkang unggul lan berkualitas kinaryo tonggak majuning daerah, bongso, lan negoro.

**Kaping kalih**, kangge nindakaken rangkaian pambudidoyo nyembadani visi lan misi RPJMD Kabupaten Wonosobo warso 2021-2026, tartamtu mboten uwal saking gotong royong miyah sinergisitas ingkang sae lan trep sedoyo elemen masyarakat Wonosobo. Pramilo kasuwun sedoyo elemen masyarakat nderek kekiprah mangun Kabupaten Wonosobo, lumantar sadhengah sektor midherek kaprigelanipun. Gregeting mad sinamadan temen lan teberi dados ciri panjenengan sedoyo lan kulo, minongko masyarakat Jowo lan bongso Indonesia, ingkang sampun karabuk dening poro leluhur panjenengan sedoyo lan kulo, sagego kuwowo hangrekso murih gotong royong tansah lestari kangge nggayuh karaharjan ingkang waradin, soho ngrampungaken gawe kanthi trep lan tuntas.

**Kaping tiga**, mangayubagyo wontenipun gelaran Pemilihan Kepala Daerah ingkang badhe kaleksanan, mbetahaken komitmen sesarengan kangge partisipasi nindakaken hak pilih, kanthi wicaksono lan proporsional miyah tanggap dhumateng gejolak ingkang mbok bilih wonten.

Momentum meniko minongko setunggaling pepiling dhumateng kulo lan panjenengan sedoyo, murih saget nyawiji kanthi linambaran GUYUB RUKUN kangge mangun bongso, sinadyan ing prosesipun mboten uwal saking wontenipun tantangan ingkang asring nuwuhaken pradongdi, karono bedo bedaning panemu, ego sepihak, menopo dene kepentingan kelompok individu utawi golongan. Awit saking meniko kasuwun sedoyo elemen masyarakat Wonosobo, sesarengan mbudidoyo njogo kondusivitas daerah, lan saget nandhesaken bilih bedo bedaning panemu kinaryo setunggaling warnaning gesang, ingkang mboten damel tatu utawi cacating persatuan lan kesatuan bongso.

### **Pasarto ingkang Bagyo Mulyo,**

Salajengipun keparengo kulo ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan dhumateng sedoyo wargo masyarakat, awit saking kiprah miwah antusiasmenipun kangge ngregengaken pengetan Ambal Warso kaping satus sangang puluh songo Kabupaten Wonosobo. Sedoyo rerangken meniko kaajab saget kinaryo jembatan, kangge temataning soho kawangun karaharjan kangge sagung wargo masyarakat. Pangajab sanesipun, kanthi rerangken meniko saget nuwuhaken greget guyub rukun, mad sinamadan, gotong royong, ugi ngundakaken roso handarbeni tumrap jati diri, numangkaraken roso tresno dumateng tanah air, lan sikep belo negoro kanthi saestu lan berkesinambungan.

Makaten ingkang saget kulo aturaken. Minongko panutup sinartan manjalmaning sesanti ing Ambal Warso kaping 199.

**Dirgahayu, Kabupaten Wonosobo. Guyub Rukun  
Mustikaning Laku Hanggayuh Raharjo lan Rahayu!**

**Matur nuwun, Wasono,  
Wassalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarakatuh.**

**BUPATI WONOSOBO**  
**ttd**  
**H. AFIF NURHIDAYAT, S.Ag**